

Kòmman Sekirite Sosyal Ka Ede Ou Lè Yon Manm Nan Fanmi Ou Mouri



Sekirite Sosyal ta dwe resevwa notifikasyon imedyatman lè yon moun mouri. Nan pifò ka yo, responsab ponp finèb la rapòte lanmò moun yo bay Sekirite Sosyal. Ou ap bezwen founi responsab ponp finèb la nimewo Sekirite Sosyal moun ki mouri a, pou responsab ponp finèb la ka fè rapò a.

Kèk manm nan fanmi moun ki mouri a ka resevwa benefis Sekirite Sosyal, sou kondisyon ke moun ki mouri a te travay pandan ase lontan pou kalifye pou benefis Sekirite Sosyal. ***Ou ta dwe pran kontak avèk Sekirite Sosyal touswit, pou asire ke fanmi an resevwa tout seri benefis li gen dwa pou li jwenn.*** Tanpri, li enfòmasyon sa yo avèk atansyon pou ou ka konnen ki benefis ki disponib.

- Moun ki te marye avèk moun ki mouri a ka jwenn \$255 ke yap bali yon sèl fwa, si li t ap viv ansanm avèk moun ki mouri a. Oubyen, si li te separe avèk moun ki mouri a epi li te deja ap resevwa kèk benefis Sekirite Sosyal sou dosye moun ki mouri a. Si moun ki mouri a pa gen moun ki te marye avèk li ki vivan toujou, timoun ki elijib pou benefis nan mwa lanmò a sou dosye moun ki mouri a, ka resevwa benefis.
- Kèk manm nan fanmi a **kapab elijib** pou resevwa benefis pa mwa, tankou:
 - Yon vèf oswa vèv ki gen 60 lane, oswa pi plis (50 lane, oswa pi plis si moun nan enkapsite);
 - Yon vèf oswa vèv nenpòt laj, k ap okipe pitit moun ki mouri a, a kondisyon timoun nan gen 16 lane, oswa si timoun nan enkapsite;
 - Pitit moun ki mouri a, ki pa marye, a kondisyon ke li:
 - Poko gen laj 18 lane (oswa si li gen 18 oubyen 19 lane epi li toujou nan lekòl elemantè oswa segondè atanplan); oswa
 - Gen 18 lane oswa pi plis, epi li gen yon enkapasite ki te kòmanse anvan timoun nan te genyen laj 22 lane.
 - Paran moun ki mouri a, ki gen 62 lane, oswa pi plis, epi ki te depann de moun ki mouri a pou omwen mwatye sipò li; epi
 - Yon moun ki te marye avèk moun ki mouri a epi yo te divòse. Nan ka sa a gen kèk sikonstans ki pou prezante.

Si moun ki mouri a t ap resevwa benefis Sekirite Sosyal, ou dwe retounen benefis li te resevwa pou mwa li mouri a bay biwo Sekirite Sosyal, oubyen pou mwa ki vin apre lanmò a. Pa egzanp, si moun nan mouri nan mwa jiyè, ou dwe retounen benefis mwa daout la. Si benefis yo te ale dirèk labank sou fòm depo dirèk, kontakte bank la oswa lòt enstitisyon finansyè a. Mande pou yo retounen bay Sekirite Sosyal nenpòt kantite lajan ki te resevwa pou mwa lanmò a oswa pou mwa ki vin apre lanmò a. Si benefis yo te peye sou fòm chèk papye, pa chanje okenn chèk pou mwa moun nan mouri a oswa pou mwa apre lanmò a. Retounen chèk yo bay Sekirite Sosyal san pèdi tan.

Men tou, manm fanmi elijib yo ka an mezi pou yo resevwa benefis lanmò pou mwa benefisyè a (moun ki t ap resevwa benefis yo) mouri.

Kontakte Sekirite Sosyal

Pou plis enfòmasyon epi pou jwenn kopi piblikasyon nou yo, vizite wèbsayt nou nan www.socialsecurity.gov oswa rele gratis nan nimewo telefòn **1-800-772-1213** (pou moun ki pa tande oswa ki tande di, rele nan nimewo TTY nou a, **1-800-325-0778**). Nou ka reponn kesyon espesifik yo, nan lè 7 dimaten jiska 7 diswa, lendi pou vandredi. Nou bay enfòmasyon tou nan yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Si ou bezwen yon entèprèt pou regle afè Sekirite Sosyal ou, nou ka fè ou jwenn youn gratis. Sèvis entèprèt yo disponib ni pou lè ou ap pale avèk nou nan telefòn, ni pou lè ou vini nan biwo Sekirite Sosyal. Rele nan nimewo telefòn gratis nou a **1-800-772-1213**. Si ou pa pale Angle, peze 1 epi rete sou liy lan pou jouk lè yon reprezantan reponn. N ap kontakte yon entèprèt pou ede ou. Si afè ou a pa ka fin regle nèt nan telefòn, n ap pran yon randevou pou ou nan yon biwo lokal Sekirite Sosyal, epi n ap fè aranjman pou yon entèprèt ki pale Kreyòl prezan nan moman vizit ou.

Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite. Nou vle asire tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwòle kèk apèl telefonik.

